Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 16 (9860) 24 апрель 2020 с. /Рузман 1 Рамазан 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Стоп, коронавирус!

# На заседании оперативного штаба



18 апреля состоялось заседание оперативного штаба по профилактике коронавирусной инфекции в районе.

Выслушав выступление и.о главного врача ЦРБ Р.Амиева штаб отметил:

-Ситуация с коронавирусной инфекции в районе напряженная, обусловленная с образовавшимися контактами с больными, находившимися на самоизоляции по подозрению на коронавирус в с Дылым.

Усугубляющим фактором остается факт подтверждения теста по коронавирусу жительницы г. Махачкалы, которая в течение нескольких дней находилась в контакте с определенным контингентом из числа родственников и знакомых в с. Дылым, от которой могли заразиться другие. Проведенные первые анализы по контактным дали отрицательный результат. Последние подтверждения диагноза коронавирусная инфекция у гражданок, прибывших в район вынуждает принятию дополнительных мер профилактики заболевания в районе.

Что касается соблюдения ограничительных мер этими лицами, отмечено, что с их стороны допущено три нарушения, по которым составлены соответствующие административные протокола, по каждому вынесены предостережения о недопустимости нарушения режима самоизоляции.

**В целях недопущения осложнения эпидемиологической ситуации в районе оперативный штаб по профилактике распространения коронавируса в районе решил:**

Сохранить и усилить существующий режим повышенной готовности в районе, введенный Постановлением администрации МР **«Казбековский район»** от 23.03.2020 года №35.

В связи с тем, что с. Дылым назван основным очагом болезни, провести карантинные мероприятия по ограничению передвижения транспорта и граждан. Установить заградительные посты на въездах и выездах с Дылым.

ЦРБ, совместно с отделом МВД РФ по Казбековскому району предусмотреть анализ контактов с больными и принять меры по их самоизоляции до проведения лабораторных исследований.

Продолжить рейдовые мероприятия по соблюдению правил санитарной гигиены согласно требований Роспотребнадзора в торговых точках района. Не допускать организацию уличной торговли, в том числе и продовольственными товарами.

Предупредить руководителей организаций и учреждений района, независимо от форм собственности о необходимости режима самоизоляции всеми работниками, находящимся в домашней изоляции и личной ответственности за нарушения режима.

Работникам, не подпадающим под ограничения и продолжающим работать, предусмотреть обязательное использование средств индивидуальной защиты и санитарной гигиены.

Рекомендовать отделу МВД России по Казбековскому району продолжить работу по обеспечению контроля за соблюдением режима самоизоляции лицами, прибывшими в район из иностранных государств и неблагополучных по КВ-19 регионов России.

Не допустить участие этих лиц в религиозных мероприятиях, особенно при совершении пятничной молитвы и других ритуальных мероприятиях.

МБУ **«Единый информационный центр»**, МБУ **«Редакция газеты Чапар»** усилить разъяснительную работу среди населения по информированию населения по вопросам профилактики коронавирусной инфекции и необходимости соблюдения режима самоизоляции граждан.

## ГIадамал цIуни мурадалда...

Китаялда коронавирус баккун заман инелде нилъер пачалихъалъул бутIруз, гьеб унтиялдаса гIадамал цIуни мурадалда, хехал тадбирал тIоритIизе байбихьана. Гуребани, цо-цо къватIисел улкабазда гIадин, гьелъ нилъер гIемерал гIадамал гьоркьоре рачине рукIана. В.В. Путиница, хасаб Указалдалъун, рихьизаруна унти тIобитIунгутIиялъе гьаризесел тадбирал. Хадусан гьес Россиялъул халкъалде хитIаб гьабуна, гIадамазул хьвада-чIвадиялъулъ рукIине кколел къагIидаби рихьизаруна.

Нилъер районалда, коронавирусалда хурхун, хасаб штаб гIуцIана. Щибаб къоялъ штабалъ данделъи тIобитIула. Лъазарула кинал хиса-басиял араб сордо-къоялъ районалда ккаралали, бицен гьабула кIвар буссинабизе кколел рахъазда т1асан. Гьай-гьай, цого биценаздалъун лъугьунаро штабалъул хIалтIи. Гьелъ тIоритIула рейдал, хал гьабула г1адамаз тIадал ишал тIураялъул ва гь.ц.

Районалда унти баккунгутIиялъе тIоритIулел тадбиразулъ штабалъ гIахьал гьарулел руго диниял церехъаби, ОМВДялъул волонтерал, СМИязул хIалтIухъаби ва гь.ц.

Нилъеда тIадаб буго сабуралда рихьизариял тIуразаризе, щайгурелъул, гьел киналго тIоритIулел тадбирал ккола нилъер сахлъи ва гIумру цIуни мурадалда тIоритIулеллъун.

**Редколлегия**




## *Уважаемые жители района!*

Искренне поздравляем вас с наступлением благородного и наполненного милостью Всевышнего месяца Рамадан. Это время-уникальная возможность улучшить свой нрав. Спастись от бремени греховности и убрать из своей жизни все плохое. Пусть дни, проведенные вами в посте, молитвах и поклонении, принесут в дом каждого из вас мир и благополучие.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев**
**Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов**

### Уважаемые казбековцы!

Поздравляю вас с наступлением благословенного месяца Рамазан. Священный месяц поклонения, праведности, раскаяния и благодати, когда Аллах приумножает награду за благие дела. Искренне желаю, чтобы каждый день поста приносил вам и вашим близким милость и благословение Аллаха, желаю всем встретить его в крепком здравии, мире и согласии.

**Депутат НС РД М-п.(К-п).Д.Умаханов**

Поздравляю вас с праздником Рамадана и хочу пожелать, чтобы ваши дома были полной чашей, чтобы вас окружали друзья и звучал детский смех. Пусть Всевышний оберегает вас и слышит все молитвы, обращенные к нему! Желаю вам доверия, благополучия, крепкой веры и добрых поступков.

**Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия»**
**Д.Г.Махачев**

### Х1урматиял диналъул вацал ва яцал!

Рак1-рак1алъ баркула нужеда т1аде щвараб Рамазан моц1! Аллагьас къабул гьареги нужер г1ибадат ва дуг1а, ц1унаги нуж квешабщиналдаса. Сахлъигун рохалилаб, рах1матгун баракатаб батаги нилъее гьаб моц1 ва хадусеб г1умру.

**Районалъул имамзабазул Советалъул председатель**
**Г1амирг1али-х1ажи Абубакаров**

К1удияб Бергьенлъиялъе - 75 сон
*Медаль дир рукъоб*
ЦIализе бегьула - 2 гьум.

Лъималазе гьумер
*Бисил т1инч1*
ЦIализе бегьула 3 гьум.

Дин ва г1умру
*К1алкквеялъул тарих*
ЦIализе бегьула 4 гьум.

**ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

## «РакIалдещвеялъул ах» акция



Ихдал, дунял **«ц1илъулеб»** заманалда, г1адатлъун лъугьун буго, бат1и-бат1иял ишал гьариялда хурхун, субботникал, акцияби т1орит1и. Гьеб бит1арабги буго, щай абуни, гьез г1адамал ц1ала цолъиялде, лъик1ал ишал гьариялде. Умумуз абулаан: **«Нухдасан унесул х1ет1е тункунгут1и мурадалда нахъе рехараб гамач1цин киридае хъвала»**,-ян.

Гьаб заманалда т1обит1улеб буго Т1олгороссиялъул **«Рак1алдещвеялъул ах»** акция. Гьеб т1обит1иялъул мурадлъун ккола нилъер шагьаралгун росаби г1урччин гьари.

17 апрелалда **«Казбекалъул рохьихъанлъи»** г1уц1иялъ Дилималда т1обит1ана, К1удияб Бергьенлъиялъ 75 сон т1убаялъул х1урматалда, махил гъут1би ч1еялъул акция. Гьеб къоялъ 60 гъвет1 ч1ана Ц1арлъаларев солдатасул памятникалда сверухъ ва Казбековасул ахикь.

## «ЛъикIлъиялъул корзина» акция



Коронавирус унти баккаралдаса Россиялъул шагьараздагун росабалъ т1орит1улел руго гурх1ел-рах1муялъул акцияби. Гьел акциял т1орит1улезул мурадлъун ккола рес гьеч1ел г1адамазе, къват1ире рахъине к1оларезе кванил ниг1матал, дараби ва г ь.ц. щвезари. Нус-нус г1олилал, гьоркьохъеб ригьалъул г1адамал, жидеего бокьун, кумекалъе рахъунелги руго. Гьединал акцияби т1орит1улел руго нилъер районалдаги.

Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул, г1олилазда гьоркьор ишал т1орит1иялъул комитеталъул ва социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул Управлениялъул жигарчилъиялда т1обит1улеб акциялъул г1ахьалчаг1аз х1адурулел руго кванил ниг1матазул пакетал (**«Магнит»** тукен). Волонтераз гьел щвезарулел руго къват1ире рахъине рес гьеч1ел районцоязул рукъоре. Х1ажалъи ккараз тукадаса гьел пакетал жидецагоги росизе бегьул.

Кумек гьабизе рак1алде ккараз бак1алда г1уц1изе бегьула, жидецаго г1арацги кьун, хасал корзинаби. Гьел корзинабахъа ( ч1обого) рес гьеч1ез к1иго кванил ниг1мат босизеги бегьула.

Кванил ниг1матазул пакетал г1уц1иялъе г1арац биччана районалъул резервалъул фондалдаса, **«Казбек район»** г1уц1иялъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевас (гьес кьуна жиндирго моц1рол харж), **«Бац1ц1адаб рак1»** гурх1ел-рах1муялъул Фондалъ ва райадминистрациялъул х1алт1ухъабаз.

Лъик1аб бук1инаан, хирияб Рамазан моц1 т1аде щун бук1ин х1исабалдеги босун, рес бугел г1адамаз гьеб гьеч1езе кумек гьабуни.

**А. ДИБИРОВА**

## РагъулЪ гIахьаллъичIо, амма...

Дун г1емер дандч1вана К1удияб Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1игун ва тылалда х1алт1арал г1адамалгун. Т1оцеве дун щивгун дандч1варавали рак1алда гьеч1о. Гьез бицунелъухъ г1енеккараб заманалда дида ккана гьев гьереси бицунев вугилан, щайгурелъул, инсанас гьединабщинаб х1ехьеялда щаклъи ккун. Хадусан дида бич1ч1ана гьез бицунеб бит1араб ва гьезда бихьараб х1акъикъияб бук1ин. Рехсарал дандч1ваязул цояблъун бук1ана Гебек Султанбеговгун ккараб дандч1вай. Гьес бицана: **«Рагъ байбихьилелде г1адамазул яшав г1езег1анго лъик1аб бук1ана. Гьеб байбихьараб заманалда дир 15 сон бук1ана. Дун школалде ана 7сон т1убараб заманалда. Щибаб къойил школалде хьвади дида хеккого ч1алг1ана ва дица инкар гьабуна гьениве хьвадизе. (Дие ц1акъ бокьулаан аваданлъи ва сверди). Дун школалде унарев вук1иналъ, эмен цо чанго нухалда ах1ана сельсоветалде. Цо къоялъ дида раг1ана гьес эбелалде абулел раг1аби: «Ч1алг1ун буго гьав сабаблъун сельсоветалде хьвадун, г1адамахъаги нечон вуго. Т1адвуссиндал ч1ван рехилинцин рак1алде ккола»**,-ян.

Дир къот1и ккана школалде ине. Рукъоселги гьелдаса ц1акъ рохана.

Ц1алуларев Гебекилан абулаан дида лъималаз, гьеб квешги ккун, дица гьел рухулаан. Ц1ализе дун лъик1ав вук1ана, амма г1урус мац1 лъазабизе дие зах1мат бук1ана. Дир эмен ц1улал устарзабазул бригадаялда х1алт1улев вук1ана. Доб заманалда Гуниялда бук1ана чуязул фургонал гьарулеб фабрика. Гьениве х1алт1изе хьвадулаан дир эмен. Гъутаналде (100 км.манзилалда ) х1алт1изе г1адамал лъелго хьвадулаан. Гьениве арав дир эмен сириялъул (малярия) унтиги ккун, т1адвуссана ва 1943 соналъ г1умруялдаса ват1алъана. Эбел г1емер унтулаан, гьелъ, рукъалъул маг1ишат дирги к1удияв вац Забитилги к1игъуждузда бегана. Дол соназ техникаги гьеч1ого, аслияб х1алт1и оцаз гьабулаан. Колхозалъул оцал бандаз хъамунги ун, белалъ ракьги бухъун, гьабизе ккана маг1ишат.

Зах1матаб х1алт1иялдаса дун киданиги х1инкъич1о. Ракъиялъ, рат1ликълъиялъ ханлъи т1ад лъураб заман лъик1аб бук1инищ? Цебе ч1езабе, цо къоялъ бецизе кколаан 50 сот., дица къойие цо гаялдасаги ц1ик1к1араб бак1 бецулаан. Квание кьолаан, цодагьаб ханжу гъорлъеги бан, къавул гьабзазе чури гьабулеб г1адин гьабураб **«чурпа»,** цоги щибниги кваназе жо бук1инч1о. Къасиги х1алт1улаан. Чачанал высылкаялъ рит1ун хадусан ниж Юрт-г1авухъалъе (гьанжесеб Калининаул) гочинаруна. Радалго х1алт1и байбихьизе мурадалда, хурзабахъ хъорщалги ран, гьенирго ч1олаан. Г1емераб г1акъуба бихьана, наслабазда гьединаб г1умру бихьизе Аллагьас хъван батугегиян гьарулев вук1уна дун. Дие чанахъе ине бокьулаан. Гьедин, дун маг1арухъеги цо чанго нухалда щвана. Районалда т1обит1араб спартакиадалда г1ужда кьвагьунги векерунги бергьарав дун Мах1ачхъалаялда т1орит1улел республикаялъул къецазде вит1ана (1954сон). Кьвагьдеялъулъ дие бит1 ккеч1о. 1500 метралъ векериялъул къецалда дица к1иабилеб бак1 босана.

Рагъ лъуг1ун хадусан дун механизациялъул школалде лъугьана. Ц1алиялдаса хадув комбанерасул кумекчилъун т1амуна. Хадусан дихъе ц1ибаккараб комбайн кьуна. Лъик1 х1алт1аралъухъ дие кьуна районалъул, республикаялъул, ВЦСПСалъул Х1урматалъул грамотаби, г1арцулал шапакъатал. Гьединго, дун к1одо гьавуна **«СССРалъул халкъияб маг1ишаталда рихьизарурал церет1еязухъ»** г1арцулаб медалалдалъун ва **«Зах1маталъул Баг1араб Байрахъ»** орденалдалъун. 1986 соналъ дун х1алхьиялде ана.

**Салих1 САЛИХIОВ, Гъизилюрт шагьар**

КIудияб Бергьенлъиялъе-75 сон

# *Медалъ дир рукъоб*

Школалде тIоцебесеб гали тIамилелдего, дида чIахIияз бицунеб рагIунаан КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ, амма гьитIинай йикIиналъ, дица гьелъул пикру гьабулароан. Цо нухалда дица рукъосезда гьикъана: **«Нилъер гIагарав чи ГIабдурахIман щай цIулал бохги лъун вугев»**,-ан. Гьез дие бицана ГIабдурахIман рагъда гIахьаллъиялъул, гьениб щвараб ругъуналъ гьев бохалдаса ватIа гьавиялъул. Гьелдаса хадуб дие цIакъ бокьана рагъул тарих лъазабизе. Телевизоралдасан рагъул кино бихьизабулеб бугони, дида щивав рагъухъанасулъ нижер ГIабдурахIман вихьулаан. Гьай-гьай, дицаги гьесда бицинабулаан рагъда живго гIахьаллъиялъул. Гьединго, классцоялгун цадахъги дун гIемер гьесухъе унаан. Бихьараб гIакъубаялъул гьес бицунеб заманалда дида кколаан: **«Кин ракъиги, цIоройги ва цогидабги гьезда хIехьезе кIвараб?», «Сунца гьезие гIасияв тушмангун рагъизе къуват кьураб?»**-ан. Цо дандчIваялда ГIабдурахIманица абуна: **«Ниж рагъулел рукIана цIаразе, орденалгун медалазе гIоло гурел, ВатIан, гIагараб ракь, гьелъул гIадамал тушманасдаса цIуниялъе гIоло. Тушманас нилъер ракьалда гьарурал вахIщилъаби рихьараб заманалда, бер къапичIого, церехун унаан рагъухъаби. ЦIадул къатIраби кинниги, «чвахулел» ругин кколел гулбузухъ, кьвагьулел бомбабигун гумпарабазухъ ралагьичIого, ниж церехун унаан. Рагъухъабаз бихьзабулеб бахIарчилъиялда цо-цо нухалъ божизецин бачIунароан. Гьедин букIиналъин дуняладаго къуватаб фашистазул армиягун улка накалда лъураб»**,-ан. Жиндирго хIакъалъулъ ГIабдурахIманица гIемер бицунароан.

РухIалда барахщичIого, тушмангун гьев къеркьараблъиялъул бицуна гьесда лъурал



ругъназ ва щварал шапакъатаз. Шапакъатазул цояблъун ккана доб заманалда ГIабдурахIмание кьезе бихьизабураб кIиабилеб даражаялъул **«ВатIанияб рагъ»** орден гьесие 2019 соналъ кьеялъ. Шапакъаталда жиндирго бахIарчи ахирги ватана.

Бохалдасаги ватIалъун, рукъове вачIун хадусан,**«тIатIала»** квералги лъун, ГIабдурахIман чIечIо. Гьев хIалтIана гIагараб росдал колхозалда. ГIабдурахIман киданиги камичIо жамгIиял хIалтIабазда гьоркьосаги. Гьанже гьев къватIиве вахъунаро. **«Дун цIакъго кIодолъун вуго, гьечIо рухI, дагьлъун буго хIал»,**-ан абула гьес. Гьелда тамашалъи гьабизеги, узухъда, кколаро, щайгурелъул, гьев ккола районалда кIиго хутIарав ветераназул цояв ва гьесул буго 97 сон. КигIанаб къадар букIинчIеб нижер ГIабдурахIман гIадиназул? Наслабазда киданиги кIочене бегьуларо умумуз бихьизабураб бахIарчилъи. Нилъ умумузе даимал налъулаллъун ккола.

**ПатIимат ГIАБДУСАМИДОВА,**
**9-аб. классалъул цIалдохъан,**
**Ленинаул росу.**

# Бисил тIинчI



# Церги чакъалги

(Маргъа)

Цо нухалъ щивниги чи гьечIеб нухдаса гIебеде церги чакъалги рекерун унел рукIун руго. Чакъалалъ царада гьикъун буго:

- Кинал батIи-батIиял гIелмаби дуца цIаларалали бицинарищ, дир хирияб цер? - ан.

- Дица бащдаб гурони гIелму цIаличIо. Дуца чан цIалараб? - ан гьикъун буго цараца.

- Дицани кIигогин бащдаб цIалана! - ян царае жавабги кьун, жибго жиндиего гIураб къагIидаялда белъанхъун буго чакъал.

- Гьедин батани, мун дидаса гIакълу бугеб рагIулаха, нух да мун дидаса цебе-цебе букIине ккола, - ян сихIираб къагIидаялда малъун буго цараца.

Гьел рикIкIаде рекерун унел рукIун руго. Нухда гьезда дандчIван буго цо бакъараб ГъалбацI. Гьениб цараца чакъалалда абун буго:

- Гьа, цо кинаб бугониги сихIруялъе ургъе хехго, гурони гъалбацIица нилъ кIиялго чIвазе руго! - ян.

Чакъал царада гьардезе лъугьун буго:

- Дида кинаб бугониги сихIру ургъизе кIолеб гьечIо. Дудаги хвасар гьаризе кIвечIони, нилъеда тIаде гьанже хвалил сагIат гIунтIана! - ян.

- Бихьулищ кинаб гIакълуялъул бетIергьан мун бугеб? Биччантеха гьанже дун цебе!-ян абун буго цараца.

Гьел рагIабиги абун, цер, чакъалалда цебехунги лъугьун, гъалбацIиде гьадин кIалъан буго:

- Къуват бугеб, гъалбацI, Аллагьас дур гIумру халат гьабеги! Гьарула дуда нижер дагIбаялъе хIукму къотIеян! - ан.

- Хехго бице! - ян ццидахъего кIалъан буго гьеб, гьел гIалхул хIайваназде берги щвезабун, ва кинабдай гьезул тIоцебе кун лъикIилан ракIалдеги ккун.

- Нижеца ккун буго кIиго хIелекоги цо гIанкIудал тIинчIги. Гьеле, гьел сабаблъун нижеда гьоркьоб дагIбаги ккун буго. Дица абулеб буго хIелкал дие рукIине кколин, чакъалалъейин абуни, гьел жиндиего рокьун руго.

- ГъалбацIица, жиндирго кIалги бацIцIунаго, гьикъун буго:

- Кирха ругел гьел нужер хIелкал? - ан.

- Гьале гьанир, гIемер рикIкIад гьечIеб нохъода руго,-ян абун буго цараца.

- Балагьея, дир гьудул цер, гьел хIелкал дида рихьичIого, жо ккезе гьечIо. ХIукму къотIизегIан цебе, гьезухъ дунги балагьизе ккела. Гьединлъидал нилъ рилълъинин гьел ругел нохъоде, - ян абун буго гъалбацIица, тIагIам бугеб къадекванил цебеккунго ракIалъе рахIатги бачIун.

Гьениса гIалхул хIайванал, гьезухъ балагьизе, рекерун ун руго нохъоде. Гьенире щвейгун, ГъалбацI жанибе лъугьине къеркьон буго, амма каратI цIакъго гьитIинаб букIиналъ, жибгоги жанибе борчIизе кIвечIого, гьелъ лъазабун буго:

Гьа, чакъал, билълъа жанибеги ун, дуца хIелкал дихъе къватIире регье! - ян.

БетIер къулун, ГъалбацIие икрамги гьабун, чакъал паркъун нохъода жанибе тIерхьун ун буго.

Цо лахIзат ун буго, цоги ун буго, чакъалин абуни, кинго къватIибе баккун гьечIо. Гьениб цараца абун буго:

- Гьай, шайтIан, жанибени ана, амма къватIибе бачIунеб гьечIоха мун! Киналго хIелкал дуцаго кун лъугIизарулел ратичIониха, - ян.

ГъалбацIил ццим гьалаглъун буго ва, жанибеги лъугьун, хIалихьатаб чакъал къватIибе цIаян царада лъазабун буго. Церги гьебсагIат нохъода жанибе кIанцIун ун буго ва гьениб, чакъалалда аскIоб гIодобги чIун, гьелда гьикъун буго:

- Гьа, дур иш кин бугеб, гIакъил? - ан. -

Чакъалалда щибго жаваб кьезе кIун гьечIо, гьеб нечон буго. ГъалбацIин абуни, царахъ балагьун чIун букIун буго, ва, гIемер мехалъ балагьун чIеялъ, бизарлъараб гьелъ цараде гьадин ахIун буго:

- Ле, цер, къватIибе лъугьа! ЧIалгIанин гьанже дида нужехъ балагьун чIей! - абун.

- КIваричIин, чIун букIа, гьудул! Чакъалалъулги дирги, рекъел ккун буго гьанже, - ян жаваб кьун буго цараца.

# БицанкIаби

Бехе гьабуни ц1олеб,
Эхеде гьабуни ч1обоголъулеб.
(т1агъур)

Къад ц1олел, къаси ч1ехьолел.
(хьитал)

Ч1ег1ераб г1акдида гъоркь
Баг1араб бече.
(хьаг)

Сверданаг1ан кьаралъулеб,
Кьурданаг1ан х1алакълъулеб.
(мерго)

Васасул рукъов эмен бегьуларев,
Инсул рукъов вас бегьулареб.
(нусги ханжарги)

Вегун кьижун вакьад,
Кьвагьун холев дурц.
(х1уби)

К1иго чиясда цо рачел.
(нуц1а рахалеб жо)

К1алъалеб – г1адан гуреб.
(т1ехь)

# Лъималазе асарал

Марижат ГIАБДУЛГIАЗИЗОВА

## Херлъарав солдат

Нур сварал беразулъ хулараб магIу
Херасул кIаркьаде тирулеб буго.
Гьенир лъугьун ругел рукIкIалабалъан
ХъахI лъараб магжилъе тIерхьунеб буго.

Сородулел кIутIби, мигьлъараб кIалъай,
РакIалде гьалмагьлъи щвезабулелъул.
Гьоркьо-гьоркьоб угьун хIухьелги биччан,
Щакърахин гIодобе буссинабула.

Гьанже хIал дагьлъараб къартI бугеб лага
Къуват гIоларого, Мансида буго.
БахIарчиго рагъда гьев вагьаравлъи
Каранда орденаз бицунеб буго.

Х1алимат КАРИМОВА

## Дир к1удада

(Поэмаялдаса кесек)

Дида бихьич1о рагъул
Цебесеб кьог1аб сурат,
Кьалде унел васазухъ
Улбуца т1олеб маг1у;
Рух1улел шагьаразул
Зодихъе бахунеб к1к1уй
Бакъул канлъиги гьукъун
Ханлъи гьабураб бец1лъи.
Дида раг1ич1о рагъул
Рак1ал соролел гьаркьал,
Ц1адлъун т1аде чвахулел
Ц1ороралгулбузул сас;
Ват1ан ц1унун холезул
Ракьалде чвахун унеб
Бух1араб баг1араб би,
Гьелъул пашманаб чили.
Амма раг1ана дида
Умумузул къисаби,
Моц1ал, сонал анаг1ан
Рак1алде щвезарулел.
Гьаб ракьалда т1ад ругел
Мугжул хъах1ал харабахъ
Г1ажаибаб адабгун
Балагьун ятула дун...

Париза Гереева

## Берцинлъи лъималазул!

Берцинлъи дунялалъул,
Дун йижараб ракьалъул,
Ракьалъе хинлъи кьолеб
Кьер меседил бакъалъул.

Берцинлъи т1егь- гъвет1алъул,
Гъваридал ралъадазул,
Ралъдада т1ад лъедолел
Куркьбал хъах1ал х1анч1азул.

Берцинлъи г1адамазул,
Г1анч1аб заманаялъул,
Заманаялъе кьурал
Пумрудул лах1затазул.

Берцинлъи гьал васазул!
Берцинлъи гьал ясазул!
Берцинлъи «Берцинлъи», -ян
Абураб раг1иялъул!

# РагIикъотI




Гъумер х1адур гьабуна А. ДИБИРОВАЛЪ

Дин ва г1умру

# КIалкквеялъул тарих



Рамазан моцIалъ кIал кквеялъул фарз т1ад лъуна гьижрияб кIиабилеб соналъул шаг1бан моцIалъ. Жибго кIал кквей ислам бачIинег1ан цебеги букIана, ТIадегIанав Аллагьас гьеб цересел къавмаздаги тIад гьабун букIана, Аварагасул заманалда рукIарал ягьудиязда ва насранияздаго г1адин.

Аллагьас Къуръаналда абун буго (магIна): **«Я, гьал иман лъурал! Дица нужеда кIал кквей тIад гьабуна, нужеда цере рукIарал къавмазда гьеб кквезе тIад гьабурабго г1адин. Гьеб кквеялдалъун нуж Дихъа хIинкъулеллъун лъугьине хьул буго»** - ян. (Бакъара, I83).

Цересел къавмазул кIалкквеялдаги бусурбабазул к1алкквеялдаги гьоркьоб бугеб батIалъи ккола бусурбабазда гьеб рамазан моцIалъ кквезе тIадаблъун гьабун бук1ин. Рамазан моцIалъ к1ал кквей фарз ккола, гьелда инкар гьабурав чиги капурлъула, гьабсагIат ислам къабул гьабурал ва исламиял г1алимзабаздаса рикIк1ад ругел гIадамал хутIизегIан.

КIалкквей т1алъиялъе аслиял далилал ккола Къуръаналъул аятги Расулуллагьасул хIадисалги. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абун буго (магIна): **«Жинда жаниб г1адамазе тIоритIилъун бугеб, жинца хIакъаб нух ва хIакъикъаталдаги гьересиялдаги гьоркьоб бугеб батIалъи баян гьабулеб Къуръан рещт1араб рамазан моц!... Нужеда гьоркьоса рамазан моцI жинде бачIарас кIал кквеян абе...»** (Бакъара, I85).

Ибн Г1умаридасан (р.гI.) бицана Расулуллагьас абунил:**«Ислам эхетун буго щуго рукнуялда: Аллагь тун батIияб жиндие лагълъи гьабизе мустах1икъаб щибго гьечIилан нугIлъи гьаби, къол фаризаяб шуябго как бай, закат бахъи, х1еж гьаби, рамазан моц1алъ к1ал кквей»**, - ан (Бухари, Муслим).

Цоги хIадисалда буго, Расулуллаcде аск1ове вачIун, аг1рабияс гьикъанил: **«Бице, Аллагьас дида кинаб кIалкквей тIад гьабураб?»** - ан. Аварагас жаваб кьола: **«Рамазан моцIалъ кIал кквей»**, - ан. (Бухари, Муслим).

Жакъасеб гIелмуялъ ч1езабуна к1алкквеялъул сахлъиялъе к1удияб пайда букIин, гьебги ккола иргадулаб иг1жаз.

2016 соналъ ракъиялъ (аутофагия) сахлъиялъе кьолеб к1удияб пайда рагьарав японияв Ёсинори Осумие Нобелил премия кьуна.

# К ЧЕМУ ПРИВОДЯТ НАРКОТИКИ

Наркотики - это вещества, способные вызывать состояние радостного опьянения, привыкание и зависимость.

**КАКОЕ ВОЗДЕЙСТВИЕ НА ЧЕЛОВЕКА ОКАЗЫВАЕТ НАРКОТИК?**

Человек в состоянии наркотического опьянения перестает испытывать душевную и физическую боль, появляется ощущение легкости, комфорта. Ощущение легкости приводит к потере контроля над собой и утрате чувства реальности. Состояние наркотического опьянения продолжается только в то время, когда наркотическое вещество содержится в крови.

**КАК РАЗВИВАЕТСЯ НАРКОМАНИЯ У ЛЮДЕЙ, УПОТРЕБЛЯЮЩИХ НАРКОТИКИ?**

У того, кто постоянно употребляет наркотики, постепенно снижается чувствительность к ним. Через некоторое время, для достижения радости, обычных доз уже не хватает. Жертва наркомании вынуждена увеличить дозу. Впоследствии не хватает и этого, тогда происходит переход к более сильному наркотическому веществу. Так, постепенно, человек приобщается к сильным наркотикам, избавления от которых почти нет.

**КАКОЙ ВРЕД ПРИНОСЯТ НАРКОТИКИ?**

Абсолютно все наркотики по своей природе являются ядами, поражающими все системы органов и тканей, но особенно центральную нервную систему, мозг, половую систему, печень и почки. Как правило, люди с самым крепким здоровьем при регулярном употреблении наркотиков живут не более десяти лет. Большинство умирает раньше. Весьма распространены случаи, когда люди умирают в течение первого года с момента начала употребления наркотического вещества. Поскольку наркоманы пользуются не стерильными шприцами, среди них распространены многие болезни, передаваемые через кровь - СПИД, гепатит и другие. От этих болезней они часто умирают раньше, чем произошло отравление организма наркотиком.

**КАК ВЛИЯЕТ НАРКОМАНИЯ НА ДУШЕВНЫЙ ОБЛИК ЧЕЛОВЕКА?**

Нарастает эмоциональное опустошение, возникает раздражительность, апатия, расслабление воли, а при употреблении отдельных наркотиков появляется слабоумие. Внешне все это проявляется вялостью, черствостью, грубостью, эгоизмом, лживостью. Человек, употребляющий наркотики, утрачивает контроль над своей жизнью, глубоко перерождается, становится совсем другим. Постепенно снижается интеллект.

**ОТ ЧЕГО УМИРАЮТ ЛЮДИ, СТРАДАЮЩИЕ НАРКОМАНИЕЙ?**

В большинстве случаев от передозировки через несколько лет у наркомана полностью разрушается печень и весь организм. Но многие не доживают до этого момента и умирают от аллергии, инфекционных и сопутствующих заболеваний, например, СПИДа или гепатита. Многие заканчивают жизнь самоубийством или погибают насильственной смертью, так как наркоманы зачастую связаны с организованной преступностью. Наркоман теряет инстинкт самосохранения и легко может замерзнуть, стать жертвой преступления, попасть в аварию, погибнуть от несчастного случая и многих других причин.

**ПОМНИТЕ, КАКОЙ ВРЕД ПРИНОСЯТ ЧЕЛОВЕКУ НАРКОТИКИ! БУДЬТЕ ВНИМАТЕЛЬНЫ И ОСТОРОЖНЫ!**

**Х. ЛАТИПОВ**, врач-нарколог ЦРБ.

# Ахириял харбал

Германиялъул тахшагьар Бонналда бугеб вирусологиялъул университеталъ гьарурал халгьабияз бихьизабуна коронавирус т1ибит1иялъе цох1огояб г1иллалъун бук1ин халатаб заманалъ, цадахъч1ун, гьабулеб гара-ч1вари.

Америкаялъул Миссури штаталъ Китай судалде кьун буго. Г1илла-гьениб баккараб коронавирус унти дунялалдаго т1ибит1и.

**«Коронавирус унтиялъ унтулезул къадар дагьлъулеб буго-ниги, гьелъул жеги ц1ик1к1араб х1инкъи буго,»**-ян лъазабуна Халкъаздагьоркьосеб сахлъиц1униялъул организациялъ.

Г1арабалъ ураган бахъана ва гьениб г1азу бана. Г1араб мац1алда **«г1азу»** абураб раг1и гьеч1о, щайгурелъул, гьениб г1азу къанаг1атги балеб бук1инч1ого. Ахириял соназ гьединал лъугьа-бахъинал г1емер кколел руго.

**«Россияги Саг1удияб Г1арабияги жидерго мурадалде щвана»**,-ян абулеб буго ч1ег1ернартил рынокалъул эксперт Барани Кришнаница. Гьанже америкаялъул нефть г1емер ц1ехолеб гьеч1о ва гьелъ сланцазул индустрия биххизабиялда х1инкъи буго.

Коронавирусалъ унтарал (гьеб т1аса инег1ан) к1ал кквеялдаса тархъан гьарулин лъазабуна фетвазул отделалъе нухмалъулев Зайнула Аттаевас.




В обстоятельствах пандемии коронавируса COVID-19 вузы страны и регионов благополучно перешли на дистанционное обучение. Это стало возможным благодаря систематической работе руководства вузов по реализации электронного образовательного ресурса, которая проводится в течение 2019-2020 учебного года.

Сегодня своими навыками и знаниями ведущие вузы региона готовы делиться и со школами Дагестана, которым нелегко дается переход на дистанционный формат обучения. Вузы готовы поделиться с учащимися наших школ лекциями и практическими он-лайн семинарами и конференциями, которые ведут лучшие преподаватели вузов.

После каждого занятия или лекции у школьников будет возможность задать вопросы преподавателям вузов, а также посетить дни открытых дверей.

22 апреля 2020 года День открытых дверей провел ДГТУ для своих слушателей и школьников республики. На этом онлайн мероприятии приняли участие школьники и студенты нашего района (с. Дылым, с. Гертма, пгт. Дубки). Школьники смогли ознакомиться с материально-технической базой вуза, а также с направлениями подготовки и правилами поступления.

День открытых дверей ДГУ проведет 25 апреля 2020 года. Такие же дни проведут и остальные вузы республики.

Работники отдела вневедомственной охраны и ОМВД Казбековского района выражают глубокие соболезнования Шамилю Темирбулатову в связи с кончиной матери – **Сакинат (Эма)**

Районалъул медицинаялъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Зарият (Зоя) Мух1амад-расуловалда ва т1олабго г1ага-божаразда – эбел - **Сакинат (Эма)**
Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Алжан насиб гьабеги гьелъие.

*БетIерай редактор: Джамиля ХIабирахIмановна ГIабдулахIитова 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61*

*Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1182*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*